

## PIWUCAL PANGORBANAN NABI IBRAHIM KANGGE NGADHEPI GENERASI STROBERI

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ،

اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَتَمَ لَنَا شَهْرَ الصِّيَامِ، وَأَعَانَنَا فِيهِ عَلَى الْقِيَامِ، وَخَتَمَهُ لَنَا بِيَوْمٍ هُوَ  
مِنْ أَجْلِ الْأَيَّامِ، وَنَشَهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، الْوَاحِدُ الْأَحَدُ، أَهْلُ  
الْفَضْلِ وَالْإِنْعَامِ، وَنَشَهُدُ أَنَّ مُحَمَّداً رَسُولَ اللَّهِ إِلَى جَمِيعِ الْأَنَامِ، صَلَّى اللَّهُ وَسَلَّمَ وَبَارَكَ  
عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَهْلِ التَّوْقِيرِ وَالْاحْتِرَامِ، وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ  
إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ أُوصِيكُمْ وَإِيَّاهُ يَتَفَقَّدُ فَارَ الْمُتَّقُونَ.  
قَالَ تَعَالَى : يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تُؤْثِنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.

Jamaah Idul Adha Rahimakumullah

Alhamdulillah, sedaya pangalembana mugi tansah katur dhateng Pangeran kita, Allah SWT, awit saking kathahing kanikmatan lan kanugrahan, kita taksih saged ngraosaken agunging wulan Dzul Hijjah. Wulan punika satunggaling wulan ingkang minulya menggahing agami Islam, wulan ingkang binerkahan, lan wulan kangge ngathah-ngathahaken nindakaken kasaenan. Pramila, sampun samesthinipun ing salebeting wulan punika kaginakaken kangge nindakaken amaliah-amaliah ingkang saged dumugekaken tumuruning ridha lan rahmat saking Allah SWT.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Salah satunggaling amaliah ingkang saged nyaketaken kita dhateng Allah inggih punika mrabad kewan kurban. Penyembelihanipun saded dipun lampahi ing tanggal 10,11,12 lan 13 Dzulhijjah. Kurban punika minangka wujud nyata saking pangabektos kita dhateng Allah, lan kupiya kangge nyaketaken kita

dhateng Panjenengan-Ipun. Kanthi ngetingalaken raos syukur lumantar ibadah kurban, kita nggadhahi pangajab mugiya tansah antuk ridha lan lelintu ganjaran saking Allag SWT, sahingga kita saged nglampahi pagesangan punika kanthi kebak ing berkah lan rahmat-Ipun. Nabi Muhammad paring dhawuh:

عَنْ عَائِشَةَ أَنَّ النَّبِيَّ -صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ- قَالَ «مَا عَمِلَ ابْنُ آدَمَ يَوْمَ التَّحْرِيرِ  
عَمَلاً أَحَبَّ إِلَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ مِنْ هِرَاقَةِ دَمٍ وَإِنَّهُ لِيَأْتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ بِقُرُونِهَا وَأَظْلَافِهَا  
وَأَشْعَارِهَا وَإِنَّ الدَّمَ لِيَقُعُّ مِنَ اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ إِمْكَانٍ قَبْلَ أَنْ يَقُعَ عَلَى الْأَرْضِ فَطِبِّعُوا  
بِهَا نَفْسًا»

“Riwayate ‘Aisyah, Nabi SAW paring sabda, “ora ana amalan kang dilakoni dening manungsa kang luwih ditresnani mungguhing Allah ing dina Qurban iki kejaba ngilikake getih kewan kurban, karana setuhune kurban iku bakal tumeka ing dina kiamat kalawan sungune, kukune, lan rambute. Lan sanyata getih iku bakal tumeka marang Allah ing papan panggonan sakdurunge tumetes ing bumi. Amila padha angresikana jiwane sira kabeh kanthi kurban.” (HR. Ibnu Majah).

Saking hadis kasebat kita saged dipun pahami bilih ibadah kurban ing dinten riyaya idul Kurban punika mujudaken amalan ingkang dipun tresnani dening Allah. Ibadah kurban punika boten namung saderma dipun tegesi nyembelih kewan kurban, ananging minangka simbol pangorbanan dhiri ingkang tulus lan ikhlas dhateng Allah. Tumeting getih kurban sampun tumuju dhateng Allah saderengipun netes ing bumi nedahaken eba agengipun pangaji-aji ingkang dipun paringaken dening Allah tumraping tiyang ingkang nindakaken ibadah kurban. Salintunipun punika, ibadah kurban punika kange ngresiki jiwa, ningkataken kaimanan lan kataqwaan, sarta mucalaken kapadhulen kita dhateng sesama lumantar daging kurban ingkang kaaturaken dhateng para fakir miskin, lan sanak kadang sanesipun. Sedaya anggota kewan kurban

ing dinten kiamat dados paseksen dhateng kasaenan kita, minangka bukti bilih ganjaran kurban tikel matikel.

Jamaah Idul Adha rahimakumullah

Ing dinten riyaya Idul Adha punika kita panci kadhwuhan mragad kewan kurban awujud unta, sapi, kerbau punapadene menda. Nanging sayektosipun mboten sedaya kalawau minangka perlambang supados kita ugi kersa ngurbanaken kadonyan lan sedaya perkawis ingkang dados pepalang kita anggenipun tresna dhateng Allah. Amargi katresnan duniawi ingkang nglangkungi tresna kita dhateng kepada Allah, saged dumugekaken kita tumindak srakah, pados begjanipun piyambak, wilujengipun piyambak, ecanipun piyambak, boten mraduli ing sanes, malah yen perlu inggih mawi kurbaning sanes, kадамел ngecakaken awakipun piyambak. Ibadah kurban nggladhi dhiri kita supados boten gampil kapelu lan kapencut dening gebyaring donya. Mila mekaten, tumraping tiyang ingkang mampu, sumangga kita kersa ngirangi saperangan bandha kita kangee kurban. Ananging anggenipun kurban kedah kanthi adhedhasar manah ingkang ingkang Ikhlas lan taqwa., amargi inggih namung kaikhlasan kita ingkang katampi dening Allah. Allah paring dhawuh:

لَنْ يَنَالَ اللَّهُ لُحُومُهَا وَلَا دِمَاؤُهَا وَلِكِنْ يَنَالُهُ الْتَّقْوَىٰ مِنْكُمْ ۚ كَذَلِكَ سَحَرَهَا لَكُمْ  
إِنْ كَبِرُوا اللَّهُ عَلَىٰ مَا هَدَنَكُمْ ۖ وَبَشِّرُ الْمُحْسِنِينَ

“Ora bakal katampa ing Allah daginge Ian getihe Qurban utawa Hidayah mau, ananging kang bakal katampa ing Panjeneng- aNe, wedinira kabeh. Kaya mangkono anggone wus nguwakake unta mau marang sira, supaya sira padha ngegungna Allah, marga anggone wus’ paringpitiduh marang sira kabeh. Muhammad! Ian bebungahen wong kang padha gelem agawe becik.”(QS.al-Hajj:37).

الله أَكْبَرَ اللَّهُ أَكْبَرَ وَلَهُ الْحَمْدُ

## *Jamaah Idul Adha Rahimakumullah*

Idul Adha punika salah satunggaling pangibadahan ingkang nggadhahi teges ingkang sumimpin ing saklebeting parlambang kasebat, lan sampun samesthinpun dipun pahami kanthi nilai-nilai universal Islam. Kathah piwucal lan bebuden luhur ingkang wigatos ingkang saged kapethik saking perayaan ibadah qurban punika. Salah satunggalipun ing babagan kasuksesan Nabi Ibrahim a.s. lan Siti Hajar a.s. anggenipun maringga panggulawenthah, ndhidik, lan ngasuh ingkang putra pun asma Ismail a.s., sahingga dados generasi ingkang tatag, teteg, tangguh lan tanggon. Sumangga kita Ayati ayat punika:

فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ السَّعْيَ قَالَ يَبْنَيَ إِنِّي أَرَىٰ فِي الْمَنَامِ أَيْنَ أَذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرَىٰ قَالَ  
يَا بَتِ افْعُلْ مَا تُؤْمِنُ سَتَجِدُنِي إِنْ شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ

*Bareng Isma'il putrane, wus bisa rumagang ing gawe ngrewangi Bapakne, Bapakne tutur marang Isma'il: "He anakku! satemene aku wus ngimpi, ing sajerone turu nyembelih ing sira, sira mikira, kapriye mungguh panemunira?", putrane matur: "Dhuh Rama! sumangga Panjenengan tindakaken punapa ingkang sampun kadhawuhaken dening Allah, insya Allah, Panjenengan pirsa kula punika golonganipun tiyang sabar".(QS. As-shaffat:102)*

## *Jamaah Idul Adha ingkang minulya*

Sumangga kita jlentrehaken sekedhik, babagan panggulawenthahan lare ingkang dipun lampahi dening Nabi Ibrahim anggenipun didik putranipun. Sumngga kita gatosakesn redaksi punika:

يَبْنَيَ إِنِّي أَرَىٰ فِي الْمَنَامِ أَيْنَ أَذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرَىٰ

*"Wahai anakku, aku melihat dalam mimpi bahwa aku menyembelihmu, bagaimana pendapatmu?"*

Nabi Ibrahim nyangkutaken putranipun inggih pun asma, Ismail, ing kamangka yuswanipun nembe 13 tahun ing pirembagan

kangge ngudhari karuwetan ingkang kanggap awrat, lan pahit. Perkawis punika nedahkaen kados pundi nabi Ibrahim anyadhari saestu wigatosipn nyamekataken putranipun kangge ngadhepi kasunyatan gesang ingkang mboten gampil. Kanthi nyangkutaken Nabi Ismail Ismail ing musyawarah babagan dhawuhing Allah kangge pengurbanan, Nabi Ibrahim mucalaken babagan rekaosing lelampaahan gesang. Pagesangan punika kathah tantangan lan pepalang ingkang betahaken sikap wirakrama, kasabaran, lan kaimanan ingkang tangguh. Tiyang sepuh wajib andhedher wiji sae dhateng anak, awit kasakit-sakiting anak ingkang manjing dados piwulang, yen ta paitung jampi, badhe dados kasarasaning badan.

Nyangkutaken para putra wonten ing diskusi ancasipun mboten sanes namun badhe dunungaken lare ing babagan tanggal jawab jawab ngrembakaken kawasisan tanggep tanggon. Lumantar komunikasi ingkang tinarbuka lan sami pitados antawisipun tiyang sepuh kaliyan putra, para putra rumaos dipun gatosaken dipun ajeni pemanggihipun, sahingga badhe tuwuh sikap percaya dhiri lan siap ngadhepi karuwetan gesang. Piyambakipun badhe tuwuh dados pribadhi ingkang tanggon lan boten gampil ringkikh kados dene buah stroberi, ingkang gampil risak lan bosok.

Pola asuh demokratis kadya Nabi Ibrahim AS minangka tega palupi ingkang saged dados patuladhan ing pagesangan kita. Pola asuh utawi panggulawentahan punika jumbuh sanget kangge ngadhepi generasi stroberi. Istilah generasi stroberi asalipun saking tembungipun jurnalis Taiwan, Wu Ru-Jun, ing tahun 2000-an. Istilah punika kangge nggamaraken generasi mudha ingkang gesangipun tansah sekcea, kauja lan kacekapan bandha, saha karemenan nanging sacara mental katingal ringkikh lan emosional.

Generasi stroberi tuwuh jalaran saking tindak lan caranipun tiyang sepuh nyepeng lare kathah ingkang klentu, saged damel lare gadhah watak kogung (manja). lare kogung inggih punika lare ingkang tansah dipun emban utawi dipun gendhong, dipun ela-ela, cekakipun saben dinten tansah rumaos dipun tresnani sanget. Lare

makaten ing tembe, samangsa kaeculaken wonten ing madyaning gesang bebrayan, enggal nglokro lan kendho. Amargi ing ngriku piyambakipun boten tansah kadumugèn kajengipun, wekasan boten kaconggah nandangi punapa-punapa, Yen boten makaten, inggih purun atindak ingkang boten laras kalihan anggeripun gesang bebrayan.

Kathah para lare ketingalipun lantip, sampun gadhah gelar dhiploma sarjana, nanging namun remen kalanthungan, boten purun tumandang ing damel, nganggur ngethekur wonten ing griya. Purunipun mager, males gerak, boten purun obah, padintenan namung dolanan hape lan seneng-seneng, angger dipun tuturi lajeng mangkered, inggih lajeng alampah silib.

*Jamaah Idul Adha Rahimakumullah*

Ing wusana, sumangga kita samya nuladh dhateng tindak lan caranipun Nabi Ibrahim gegulang dhateng putranipun kange mujudaken lare dados generasi ingkang langkung siap ngadhepi masa depan kanthi kapercayaan diri dan ketahanan ingkang kiat. Punika sedaya minangka pawiyatan adhiluhung ingkang saged kita pethik kange nytingkiri fenomena generasi stroberi lan mujudaken generasi ingkang tanggep, tanggon, tangguh.

بَارَكَ اللَّهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَتَقَعَّنِي وَإِيَّاكُمْ إِمَّا فِيهِ مِنْ آلَيَّاتٍ وَدِنْكُرِ الْحَكِيمِ. وَتَقَبَّلَ  
مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاقُنَّهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ.

## KHUTBAH II

الله أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ،  
وَأَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّداً عَبْدًا  
اللَّهِ وَرَسُولُهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى إِلَهِ وَأَصْحَابِهِ  
الْمَيَامِينَ، وَالثَّالِتِينَ هُم بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ أَمَّا بَعْدُ، فَأُؤْصِيْكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى  
اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ وَاتَّقُوا اللَّهُ تَعَالَى فِي هَذَا الْيَوْمِ الْعَظِيمِ، وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ يَأْمُرُ  
عَظِيمٍ، أَمْرُكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّونَ  
عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ  
عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى إِلَهِ وَصَاحِبِهِ الطَّيِّبِينَ، وَارْضِ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ  
الرَّاشِدِينَ، أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ، وَعَنْ سَائِرِ الصَّحَابَةِ الصَّالِحِينَ اللَّهُمَّ  
اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ،  
إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ تُحِبُّ الدَّعَوَاتِ، اللَّهُمَّ اجْعَلْ عِيَدَنَا هَذَا سَعَادَةً وَتَلَاهُمَا، وَمَسَرَّةً  
وَتَرَاهُمَا، وَزِدْنَا فِيهِ طَمَانِيَّةً وَأَلْفَةً، وَهَنَاءً وَمَجْبَةً، وَأَعِدْهُ عَلَيْنَا بِالْخَيْرِ وَالرَّحْمَاتِ،  
وَالْيُمْنَ وَالْبَرَكَاتِ، اللَّهُمَّ اجْعَلْ الْمَوَدَّةَ شِيمَتَنَا، وَبَذْلَ الْخَيْرِ لِلنَّاسِ دَأْبَنَا، اللَّهُمَّ أَدِمْ  
السَّعَادَةَ عَلَى وَطَنِنَا، وَأَشْرِبْ الْبَهْجَةَ فِي بُيُوتِنَا، وَاحْفَظْنَا فِي أَهْلِيَنَا وَأَرْحَامِنَا، وَأَكْرِمْنَا  
بِكَرِمَكَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً، وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً، وَقِنَا  
عَذَابَ النَّارِ، وَأَدْخِلْنَا الْجَنَّةَ مَعَ الْأَبْرَارِ، يَا عَزِيزُ يَا غَفَّارُ. عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ  
بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ، وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ،  
يَعِظُّكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ، فَاذْكُرُوا اللَّهُ الْعَظِيمَ يَذْكُرُكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ، عِيدُ سَعِيدُ  
وَكُلُّ عَامٍ وَأَنْتُمْ بِخَيْرٍ